Ассаламу гІалайкум!

# АХИХЪАН

№ 7 (78010)
15 Февраль
Хамиз
2024 сон

sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

Аппараталъул данделъи

## Район камиллъизабиялъул мурадалда



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НурмухІамадовас аппараталъулаб данделъи тІобитІана. Къойил темаялде росун рукІана лъай кьеялъул, бакІал раялъул, гІолилазулгун спорталъул, опекаялъул ва цогидалги кІвар бугел суалал.

Данделъиялда гІахьаллъи гьабуна администрациялъул отделалъул нухмалъулезгун специалистаз. Гьениб бищунго цебе кІвар бусинабулеб суал букІана Шамильхъалаялъул школалъул цІалдохъаби райооналъул администрациялъул минаялъул тІасиял этажазде рахъинари. Гьеб иш гІуцІадго иналъе киналго бажари бугел гІадамал гъорлъе цІай.

Гьединго данделъиялда бихьизабуна гІагарал къоязда РДялъул БетІерасул лъай кьеялда хурхун бугеб Советалда С. Меликовас тІадчІей гьабунин нилъер районалда лъай кьеялъул хІалтІи лъикІ гІуцІун бугин, гьелъухъ районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасе ва отделалъул начальникасе гьес баркала загьир гьабунин бицана ГІ. НурмухІамадовас.

Хадуб тІадчІей гьабуна республикаялъул бетІер С. Меликовасул тІадкъай тІубай унеб бугеб куцалда.

РДялъул Правительсвалъул пред. Р. ГІалиевас ахІараб данделъиялда бихьизабуна Унсоколо районалде газ бачиналъул. Гьелъул хІа-къалъулъ бицана Хъ.М. ГІабдухаликъовас. 2025 соналда щвезегІан ине буго районалъул анлъго росулъе газ бачиналъул хІалтІаби. Гьел ккола Балахьуни, Майданск, Рихьуни, Шамильхъала, ГІашильтІа, росаби, цо-гидал росабалъе гьеб бачине буго 2025-2030 соназда. Шамильхъала – Рихьуни газ бачиналъул материял хІадурун буго, Колоб росдал хъутаналда гІумро гьабулел хут1ун руго газаялдалъун хьеза-ричІого.

Хъутаналда бугеб цІияб ЦІатІанихъ росулъе газ бачиналъе жанисел хІалтІаби гьарун руго, гьелъул суалал тІуразарулел руго «Спецгазстрой сервис» предприятиялъ.

Гьединого Хъ. ГІабдухаликъовас бицана районалда хІалтІизарулел ругел ралел бакІазул программабазул- «Местные инициативы» программаялда рекъон ана 2 проект, гьел ккола Генубе лъин бахъи, Майданскиялда нухазде асфальт тІей, «Комфортная городская среда» программаялда рекъон Шамильхъалаялда гьаризе хІисабалде росун руго парковиял зонаби, «Мои дороги - мой Дагестан» программаялда рекъон къачІазе руго Балахьуни росулъе нухал. Республикаялъул инвестиционниял программабазда рекъон, балеб буго ГьаракІуни росулъ школа, гьарулел руго цогидалги хІалтІаби. ГІ. НурмухІамадовас данделъиялда бихьизабуна гьаб соналда цойиде ккезабизе бугин Шамильхъалаялъул школалъул мина баялъул суалги,-абун. Гьелъие С. Меликовас хасаб гьаригун кагъат битІун буго РФялъул резервияб фондалде школа баялъе гІарац биччай,-ян.

Данделъиялъул хІасилал гьарулаго бетІерас хІалтІи т1аде ккolезе тІадкъаял къуна.



Рищиял

## Церехъабигун дандчІвана

Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НурмухІамадов жиндирго хІинкъи гьечІолъиялъул рахъалъ зам. М. ХІамзатовгун цадахъ дандчІвана об-щественнияб пикруялъул лидерал Шамильхъалаялъул ДСЮШалъул директор ТІ. ШагІбановгун ва Унсоколо росдал лъималазул творчествалъул Рукъалъул директор Гъ-М. ГъазимухІамадовгун.

ДандчІваялда аслияб тема букІана гьаб соналъул марталда улкаялда букІине бугеб РФялъул Президент



вищиялъе ругел рищиязде хІадурлъиялъул. Гьелгун кІалъалаго ГІ. НурмухІамадовас бихьизабуна жамгІиял церехъабаз цІикІкІараб роль хІалтІизабулин рищиял гІуцІадго иналъе, гьелда сверухъ лъугьунелъухъ жавабчилъиялда балагьизеги кколин.

Ахиралда бетІерас баркала загьир гьабуна жигарал церехъабаз гьабулеб бугеб жавабчилъи бугеб хІалтІухъ.

ДанчІвай

## Рохьал цІуниялде-кІвар



Гьал къоязда районалъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасул дандчІвай букІана РДялъул «Гунибское лесничество» ГКУялъул нухмалъулесул зам. И. Исмаг1иловасулгун. Гьениб аслияб кІвар бусинабуна 2024 соналда рохьал цІа ккеялдаса цІуниялъул суалазде ва гьениб рацІалъи букІинабиялде. Рохьихъабазда цебе масъала лъун буго гьел рацІадго ва хІинкъи кьолебщиналдасан цІунун чІезариялда хурхун. Гьеб ишалъулъ росабазул бутІрузул кумек гьезие щвеялдеги пикру бусинабуна бетІерас.

Гьединго дандчІваялъул ахиралда КъотІи хъвана рохьазда цІа ккезе биччангунтІиялъе ва цогидалги суалазда хурхун.

**Ахихъан**
Районалъул газета
№ 7 (78010)
15 Февраль Хамиз 2024 сон



**I2 февралалда районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов ва Халкъияб Собраниялъул депутат М. МухIамадовги дандчIвана. Гьез аслияб куцалда дандрана Россиялъул Президент вищиялъе март моцIалда рукIине ругел рищиязул суал. КIвар бусинабуна рищиял унел къоязда букIине кколеб жавабчилъиялде ва цIодорлъи букIинабиялде.**



# «ДУН БИЩУНГО ЙОХАРАБ КЪО»

( ЯСЛИ-АХИКЬ ЛЪОЛА БУКIИНИСЕЛЪЕ КЬУЧI)

Унсоколо районалъул Рихьуни росдал ясли-ахикь х1алт1улев вуго 46 х1алт1ухъан, гьездасан 18 тарбиячаг1и, ахикье хьвадулеб буго 95 лъимер. Ясли-ахалъул методист(2023 соналде щвезег1ан х1алт1ун йиго заведующаялъун) 1955 соналъ гьаюрай Г1унайзат Х1усеновалъулгун ккана дир хадусеб гара-ч1вари:

**--Бокьилаан ясли-ахикь гьабулеб бугеб х1алт1ул х1акъалъулъ бицани.**

--Байбихьуда абизе ккола: 2023 соналъул сентябралдаса байбихьун хиса-баси ккана тарбия кьеялъул х1алт1улъ. Нижее жеги ц1ик1к1ун ихтиярал щвана рух1иябгун г1амал-хасияталъул ва Ват1ан бокьиялъул темаялда тарбия кьолаго бак1алъулал мисалазде к1варги кьун лъимал куцазе. Дагъистаналъул бечедаб тарихалде ва лъик1ал г1адатазде мугъги ч1ван х1алт1иялъ х1асилал лъик1ал кьезе рук1иналда рак1ч1араб буго. Т1оцебесеб сентябралдаса, ай «Лъай кьеялъул къоялдаса» байбихьун ясли-ахикь г1уц1адго т1орит1ула байрамкъоял: «Меседилаб хасалихълъи», «Хасалихълъиялъул бал», «Эбелхирияб хазина», ц1арал рехсолаго халалъила киналго байрамкъоязда хурхарал тадбирал. Нижеца кидагосеб бухьен ч1езабула лъималазул эбел-инсулгун. Дагьаб цебег1ан бук1араб эбел-инсул собраниялда «Рух1иябгун г1амал- хасияталъулаб тарбия кьолаго жакъасел шарт1азда дандч1валел зах1малъаби»,-абураб дица гьабураб докладалда сверухъ эбел-инсуда ва тарбиячаг1азда гьоркьоб ккана рак1-рак1алъулаб ва к1иябго рахъалъе пайдаяб хабар. Бицана гьит1ичазул г1акълу цебет1езабиялъе мультфилмабазул ва маргъабазул бугеб к1варалъул. Аби буго: «Нусго раг1удаса цох1о лъик1аб мисал бихьизабиялъул пайда ц1ик1к1араб буго»,-ян. Хасго жакъа СМИяз ч1ах1иязул г1амал-хасияталъулъ цин лъик1аб гуреб асар лъугьинабулеб заманалда, т1оцебесеб иргаялда эбел-эмен рук1ине ккола лъималаз жидедасан лъик1аб мисал босулеллъун, щибаб раг1и бицине ккола ургъун, лъимералъул рак1 лъукъилаередухъ.

Эбел-инсулгун щулияб бухьен ч1езабиялъ нижее к1удияб кумек гьабула х1алт1и пайда кьоледухъ г1уц1изе. Гьанибго рехсезе бокьун буго эбел-инсул комитеталъул х1аракатал членазул ц1арал, гьездасан ккола Г1абдулх1амидова Г1айшат, Мух1амадова Хадижат, Балаева Каримат, Мух1амадова Мадина ва цогидалги.

**--Цогидазе мисал бихьизабун гьит1ичазе тарбия, лъай кьолел тарбиячаг1азулги рехселарищ ц1арал?**

--Мисалияллъун руго Шагьрия Г1исаева, Анисат Мух1амадова,



Пат1имат Жамалудинова, Ума Мух1амадова, Зарема Мух1амадова ва цогидалги.

**--Ц1ияб минаялде рахъаралдаса анц1ила анкьго сон ун бугониги, коридорал ва кабинетал сонцерекъад къач1арал г1адин берцинго рихьулел руго, мухьдахъ сурат бахъулев чи вачун замазаманалда ц1игьарунищ гьел къач1алел?**

--Гьеб рахъалъ нижее бит1ккана: тарбияч1ужу Наида Мух1амадовалъул махщел буго суратал рахъизе ва берцинго хъвадаризе. Гьелъ эркенаб заманалда пайдаги босун, свак тун къач1ала коридоралгун кабинетал. Жакъаги йикьана Наида «К1одоэбелалъул рукъ» абураб бук1он гьабиялда т1ад х1алт1улей.

**--Г1унайзат, к1икъоялда**



**анц1гоялдаса ц1ик1к1ун соналъ лъималгун х1алт1улаго дур бищунго йохараб къо кинаб бук1араб?**

--Т1оцебесеб иргаялда, дун йохарайги талих1айги йиго г1ун бач1унеб г1елалъе тарбияги лъайги кьолаго , гьезул бук1инисеб г1умруялъе кьуч1 лъезе Аллагьас дие хъван батиялдаса. Дир «кверзукьан» аразул рахъана росдае ва районалъе жидедасан пайда бугел г1адамал. Бищунго дун йохараб къо бук1ана 2006соналъул т1оцебесеб сентябрь: басрияб минаялдаса ц1ияб бараб, к1ит1алаяб гьаб минаялда жанир х1алт1изе рес щведал. Гьеб бук1ана росдалго рохалилаб къо. УОялъул т1адеги лъай кьеялъул (ДОО) идарабазул жавабияй Умусарат Мух1амадовалъ Г1.Х1усеновалъул х1акъалъулъ гьадин бицана: «Г1унайзат йиго гъваридаб лъаялъул лъик1ай муг1алим ва нухмалъулей. «Фиалка-3»ялъул заведующаялъун х1алт1изе яч1инег1ан цееккун гьей Мах1ачхъала шагьаралъул ясли-ахикь тарбияч1ужулъун х1алт1улей йик1ана. Гьей нухмалъулейлъун яч1ун хадуб




ясли-ахикь гьабулеб х1алт1и кьуч1дасанго хисана: борхана лъималазе рух1иябгун г1амал-хасияталъулаб тарбия ва лъай кьей. Жиндицаго гьабулеб х1алт1и раг1а-ракьанде щун гьабизе бокьулей, тасамах1лъи х1ехьезе к1олареб г1амалалъул г1адан йиго Г1унайзат. Цогидаз мисал босизе рес бугел тадбирал ругеб бак1 х1исабалда нижеца г1емерисел тарбиячаг1азул данделъаби (семинарал) Рихьуни бугеб ясли-ахикь т1орит1ула. Районалда Г1унайзат лъала лъик1ай насих1атч1ужу х1исабалдаги».

Лъик1 х1алт1улев чи вихьич1ого хут1уларо: Г1.Х1усенова ккола «Россиялъул лъай кьеялъул х1урматияй х1алт1ухъан», гьелъие щун руго райадминистрациялъул, УОялъул рахъалдасан Х1урматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагътал. Гьелъул к1удияб къадру-къимат буго цадахъ х1алт1улезда ва росуцоязда гьоркьоб.

**МухIамад ГЪАЗИМУХIАМАДОВ**
**РФялъул журналистазул союзалъул член**

ДанчIвай

## Рагъухъанасул эбелгун дандчIвай



8 февралалда СВОялъул гIахьалчи СагIабдула МухIамадовасул эбел ГIайшат МахIачова ГIабдурахIмановнагун дандчIвана районалъул бетIер ГI. НурмухIамадов.

Украиналъул рагъулъ бох лъукъун букIана СагIабдула МахIачевасул. Гьелъ чIезавичIо ракI къвакIарав гIолилав рокъов, кьокъабго заман рокъобги бан, цIидасан зонаялде тIад вуссана гьев ВатIан цIунизе. ГьабсагIаталдаги МахIачев вуго Запорожьялъул операция унеб рагъул майданалда.

Гьев ккола ункъго лъимер ва гIолохъанай лъади ругев хъизаналъул жаваб кьезе кколев чи.

Солдатасул эбел хIалтIуде йосизе рагIи кьуна дандчIваялда бетIерас. Гьенибго бихьизабуна гьелъие материалияб кумек гьабилинги.

- РакI-ракIалъ чIухIула дудаса гьадинав тарбия бугев васас гIезавурай, киданиги дун васас ВатIаналъул тIалабал рехизе гьечIо. Гьарула киналго рагъул бакIабазда ругел васал эбел-инсухъе рокъоре тIад руссаги!-ян, бихьизабуна хадубги бетIерас.

## Призералгун дандчIвай



«ХIакъикъат» газеталда авар мацIалда тIобитIараб тадбиралда бергьарал ясал дандчIвана гьал къоязда ГI. НурмухIамадовгун. Призерал ХI. КъутIбудиновалъ ва Ф. ХIусеновалъ гьенирги цIалана авар мацIалда кучIдул.

БетIерас пасихIал ясал кIодо гьаруна Баркалаялъул Кагъталги кьун.

Ахихъан

Районалъул газета
№ 7 (78010)
Хамиз
15 Ферапь 2024 г

3 гьумер

# Садовод

Страница в номере




# Рак: главное не пропустить!!!

Сегодня отмечается увеличение заболеваемости раком во всем мире. Каждый год от онкологических заболеваний умирает около 9 млн человек и ежегодно диагностируют 14 млн новых случаев. Когда речь идет об онкологических заболеваниях, особую важность приобретает



ранная диагностика. Если рак диагностируется в начале развития, в 90-98% случаев наблюдается блгоприятный прогноз.

Самое коварное в этой болезни, то что эта болезнь протекает без всяких настораживающих внешних проявлений.

В диагностике заболеваний - в том числе, онкологических-есть несколько ключевых понятий: скрининг, ранняя диагностика, диспансеризация и самообследование.

**Скрининг** - организованное обследование здоровых людей, которое помогает выявить заболевание на ранних стадиях, когда симптомов нет. В онкологии скрининг показан пациентам, которые входят в группу риска развития рака:

-Возраст: чем старше, считается, тем выше риск заболеть.

-Пол (у женщин-рак шейки матки у мужчин-рак предстательной железы)

-Семенная история болезни: если среды кровных родственников случаи рака.

-Взаимодействие с вызывающими рак агентами:табачный дым, производственные канцорогены и др.

В соответствии с законом принятым в 2013 г. каждый врослый человек в нашей сране имеет право на бесплатную диспансеризацию в поликлинике.

**Диспансеризация**- это комплекс мероприятий, включающий в себя профилактический медицинский осмотр и дополнительные методы обследования, целью которых является ранее выявление распространенных хронических и онкологических заболеваний. Именно в приндиспансеразации проводятся обследования, которые стоит проходить регулярно для ранней диагнотики онкологических заболеваний.

**Какие профилактические обследования стоит проходить регулярно?**

-Флюография-1р в год.

-Маммография-1р в 2 года после 39 лет.

-Цитологическое исследование шейки матки-1р в 2 года

-Анализ кала на срытую кровь-1р в год после 50 лет.

-Анализ крови на онкомаркеры (ПАС – у мужчин, СА-125- у женщин).

-Осмотр гинеколога – 1р в год (объязательно!).

Скрининг и диспансеризация требуют взаимодействия с медицинскими организациями. А вот самообследование-осмотр тела – можно проводить дома самостоятельно:

-Появилась новая родинка на теле и подозрительные изменения кожи?-запишись на прием к онкологу.

-Нащупали уплотнение под кожей (особенно в области молочных желез у женщин)?-набирите к онкологу.

Заметили кровь в моче иле кале?-иснова без продленииня к доктору.

Пора перестать воспринимать врача-онколога как вестника смерти . Напротив –этот доктор должен стать для вас гарантом долгой красивой жизни. Ни один онколог не будет вас ругать за ложное обращение. Не стоит избегать осмотров специалиста и игнорировать необъяснимые сиптомы: похудение, отсутствие аппетита, резкую потерю зрения, кашель с кровью, кровянистые выделения при акте дефекации, язвочки во рту, которые не заживают уже несколько месяцев.

Прохождение профилактических медицинских осмотров очень важно, но не менее важно исключить все возможные факторы развития рака: табачный дым, алкоголь,



ультрафиолетовое излучение, канцерогены в пище (консерваты, красители, жиры растительного и животного происхождения подвергшие многократному нагреванию). Поэтому очень важно отказаться от вредных привычек и вести здоровый образ жизни.

Берегите себя и своих близких! Не пропускайте ежегодную диспансеризацию!

**Врач онколог:**
**МАГОМЕДГАДЖИЕВА У. М.**

# ГОЛОСУЙТЕ НА ЛЮБОМ ИЗБИРАТЕЛЬНОМ УЧАСТКЕ ПО МЕХАНИЗМУ «МОБИЛЬНЫЙ ИЗБИРАТЕЛЬ»




**Уважаемые избиратели Унцукульского района!**

Вы хотите проголосовать на выборах Президента Российской Федерации, но в дни голосования 15, 16 и 17 марта 2024 года будете находиться не по месту своей регистрации (прописки - согласно отметке в паспорте).

В этой связи, законодательство дает возможность проголосовать на любом избирательном участке, где вы будете находиться в эти дни. Этот механизм называется «Мобильный избиратель».

Для этого, необходимо заранее подать заявление о включении в список избирателей по месту нахождения

с 29 января по 11 марта 2024 года:

- лично в любую Территориальную избирательную комиссию;
- в МФЦ;
- в электронном виде на портале «Госуслуги» (до 24.00 по московскому времени 11 марта 2024 года).

с 6 по 11 марта 2024 года - лично в любую Участковую избирательную комиссию.

Если вы хотите подать заявление, приходите в Территориальную избирательную комиссию, Участковую избирательную комиссию или МФЦ. При этом, не забудьте паспорт гражданина Российской Федерации (в период замены паспорта - временное удостоверение личности с фотографией).

Заполняйте заявление - самостоятельно (вручную на бланке) или попросите заполнить его члена ТИК (УИК), работника МФЦ. Заберите отрывную часть заявления с информацией об адресе помещения для голосования и телефоне УИК.

Возможно будет такая ситуация, когда для подачи заявления вы не можете самостоятельно прибыть в ТИК, УИК или МФЦ по уважительным причинам. В этом случае подайте заявление, не выходя из дома. Для этого, в сроки приема заявлений устно или письменно (в том числе при содействии социального работника или иных лиц) обратитесь в ТИК либо УИК.

Члены УИК, начиная с 17 февраля и не позднее 11 марта придут к вам и помогут подать заявление.

**ТИК Унцукульского района РД**

## Поквартирные (подомовые) обходы членов участковых избирательных комиссий муниципального района «Унцукульский район» (в рамках проекта ИнформУИК)

Поквартирные (подомовые) обходы членов участковых избирательных комиссий муниципального района «Унцукульский район» (в рамках проекта ИнформУИК)

Уважаемые избиратели Унцукульского района! Территориальная избирательная комиссия Унцукульского района Республики Дагестан информирует о предстоящих выборах Президента Российской Федерации, которые пройдут 15, 16, 17 марта 2024 года. В целях информирования избирателей Унцукульского района о времени, датах, формах и месте голосования с 17 февраля по 7 марта будут проходить поквартирные (подомовые) обходы. Члены участковых избирательных комиссий (далее – УИК) придут к избирателям на дом, чтобы рассказать о главных выборах страны. Они будут собирать информацию об избирателях, которые в настоящий момент зарегистрированы по адресу. По будням ждать членов УИК можно с 16 до 21 часа, а по выходным и праздникам – с 10 до 20 часов. У них при себе будет именной бейдж с символикой выборов и печатью Территориальной избирательной комиссии, заметная и вместительная брендированная сумка.

Обходчики (условное название членов УИК, которые будут ходить по домам) расскажут о месте расположения участковой избирательной комиссии, к которой будет относиться избиратель, времени работы участковой комиссии, датах, способах голосования и механизме «Мобильный избиратель» (порядок голосования, когда избиратель находится вне места своей прописки). Члены избирательных комиссий не будут проходить в квартиры избирателей и просить какие-либо документы, они только будут делиться сведениями о выборах. Во время поквартирного (подомового) обхода вы можете задать обходчикам любые интересующие вас вопросы, связанные с выборами Президента Российской Федерации.

Уважаемые избиратели Унцукульского района! Территориальная избирательная комиссия Унцукульского района Республики Дагестан просит вас посодействовать членам Участковых избирательных комиссий Унцукульского района во время проведения поквартирного (подомового) обхода, которые пройдут с 17 февраля по 7 марта 2024 года.

**ТИК Унцукульского района РД**

Волейбол: нижер гара-чIвари

# Бищунго машгъураб хIай, яги спортсменасул балъголъаби



**Спорталъул цогидал къагIидабазда дандеккун валейбол ккола бигьаябги гIадамазда гьоркьоб тIибитIараблъунги рикIкIунеб хIай, гьединго гIелмуялъул статистикаялъ бихьизабулеб буго бищунго балагьал ишал кколеб видги бугин гьеб,- абун.**

ГIабдулаев МухIамад ГIабдулаевич ккола врач эпидемиолог, гьединго волейболалъул ветеран. Гьев гьавуна Унсоколо районалъул ГIашилтIа росулъ. Волейбол хIазе байбихьана гьитIинго. МухIамадил рагIабазда рекъон гьесул спорталде рокьи бижизабуна физкультураялъул учитель Имамгъазали МухIамаднуровас.

Тренерас нижеда абулаан: «Нужеца волейбол таниги, волейболалъ толаро нуж,- абун» АнцIабилеб классалда цIалулеб мехалдасан байбихьана гIолилас батIи-батIиял чемпионатазде хIадурлъизе районалъул командабаздаги гьоркьов вукIун. 2000 соналда гьес гIахьаллъи гьабуна Дагъистаналъул Избербашалда букIараб чемпионаталда, кIицIуго ккуна призалъулал бакIал.

«Дида дирго махщеллъун бихьула волейбол». Шамильхъалаялда гьеб хIалеб мехалъ балагьулезда гьоркьов вукIана дир тренер МухIамад Садикъов. Гьединго гьес лъикIаблъун бихьизабуна дие медакадемиялде цIализе лъугьине. Медакадемиялъул сборнияб командаялда хIалаан дун 2000-2006 саназда, Вузазда гьоркьоб тIоритIулел къецазда. Гьенив чанго нухалъ вахъана призерлъун. ГьабсагIаталда дун вуго районалъул волейболалъул командаялъул ветераназул советалъул членлъунги. Гьалгощинал къецазул заманаялда бихьанщиналъ дида бичIч1ана тренерасул рагIабазул бугеб хIалкIолъиялъулаб кIвар.«Хасго дуца волейбол таниги, мун гьелъ толарин абураб».

-**Кинал хасиятал рукIине кколел волейболистасул?**

-Волейболистасул рукIине ккола физическияб къуваталъул рахъал; масала, хехлъи, (ловкость), гьелъ цIикIкIунесеб рахъ ккола секундазда жаниб ахиресеб хIукму гIумроялде бахъинабизе бажариялъулъ, ай хехго битIараб пикру гьабиялъулъ.

-**Волейболистазе дур кинал гьара-рахьиял рукIинел ?**



-Волейболистазул къоялда киналго гьеб видалда гьоркьор ругезе гьарула бищунго цебе сахлъи. Гьелда бараб букIунелъул спортсменасул бергьенлъабиги. Гьенир бергьуна къуватал!

**П-З. ХIАСАНОВА**

Дагъабго гьими

### ГIадамал, бажаролароха…

МахIачхъалаялда, гIадамазул цIураб автобусалде вахун вач1уна мехтарав, хъалинаялъул кIкIуйдулъ восарав, ригь унев бихьинчи. Ццин бахъун гьесде рагъизе лъугьуна автобусалда жанир гIодор чIарал.

- ЧIобогояб автобусалдагIагийщ рекIине бегьуларев?!.. ян хъудула гьел.

- ГIадамал, бажаруларoха дир чIобогояб автобусалда рекIун ине. Дун гьенив гIодов речIчIула!..

### Север тIад хутIана

Москва, к1игояв нухда унев вуго.

- Сон, нилъеда дос абуна североалдехун рачIа,-ян. Киб гьаб порталда север бугеб?

-Лева, нилъ, руго метроялъур… Север тIад хутIана!

### Кин батIа гьабилеб?

Цояс цоясда гьикъулеб буго:

- Кин батIа гьабилеб цIи гьабурабги,белъарабги хоно цоцадаса.

- Дир хIисабалда гьеб босизе ккола гIанкIабазда аскIобе. Гьез цояб ракьулъ букъизабуни, гьеб хоно буго белъараб.

### ГIадамалги роржани...

Москваялда кIиго студент. Зодихъеги валагьун цояс цоясде абула:

- КигIан лъикI букIинаан гIадамазда роржине кIолебани,-абун.

-КигIанги лъикI букIинароанха, хIанчIаз чорок гьарурал памятникал букIине кколедухъ рацIцIад гьарун бажаруларого руго, гIадамалги роржани, кин букIинеб!

Динияб мажлис

# Унсоколо- мигIражалъул сордо

МигIражалъул сордоялда хурхараб тадбир тIобитIана гьал къоязда Унсоколо росулъ. Гьеб нухда бачана Унсоколо росдал имам ГIали ГIисахIажиевас. Гьенире ахIун ракIана районалъул имам М. ГIабдулвахIидов




МахIачхъалаялъул ОПялъул нухмалъулев М-Р. Гьиматов.

Мажлис бихьиназеги руччабазеги батIаго гьабуна. Бихьиназе гьеб гьабула росдал мажгиталъуб, руччабазе культураялъулгун рекIел гъеялъул централда. Гьенир рукIана батIи-батIиял вагIзаби, конкурсал, суал-жавабал.

МигIражалъул сордо ккола исламияб диналда кIвар бугеб лъугьа-бахъин. Гьеб буго тIоцебе Аллагьасул хIалкIолъиялъ с.т.гI.в МухIамад авараг зодове вачараб, ай Маккаялдаса Ирусалималде ва зобалазде сапар гьабураб лъугьа-бахъин ккараб сордо. Бусурбабаз гьеб




санайилго к1одо гьабула.

Ражаб моцIалъул 27 сордоялъ Унсоколо тIобитIараб мажлис букIана динияб лъай камиллъизе бокьаразе кутакалда пайдаяблъун.

## Лъазаби

Унсоколо заочнияб гьоркьохъеб школалъ I993 соналъул июнь моцIалда ГIалихIажиев Шамиль МухIамадовичасул цIаралда кьураб. А сериялъул №67I0I0 бугеб Аттестат тIагIун буго.

Жакъа къоялдаса гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна.

**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**

**КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**п. Шамилькала**
**ул. М. Дахадаева 3**
**Телефон редактора**
**89896522856**
**sadovoduns@yandex.ru**
**398940**

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 13. 02. 2024г.
15. 40
фактически -16 . 30 мин.
.......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 988 экз.